



**Department of  
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

**Office of the Chancellor**  
52 Chambers Street | New York, NY 10007  
212 374 0200 tel | 212 374 5588 fax  
[nycchancellor@schools.nyc.gov](mailto:nycchancellor@schools.nyc.gov) email

Chè paran oswa responsab:

Sante pitit ou a enpòtan pou nou. Nan lekòl Vil Nouyòk, yo ofri nan kou edikasyon sante konesans ak leson sou vyolans ak prevansyon domaj; sante emosyonèl ak sante mantal, nitrisyon ak aktivite fizik; tabak, alkòl ak lòt dwòg; sante fanmiy ak seksyalite; VIH/SIDA; sante pèsonèl ak sante konsomatè. Investisman 24 milyon dola Majistra de Blasio fè nan nouw pwojè Health Ed Works la ranfòse angajman DOE nan sante elèv lè li ogmante sipò pou edikasyon sante nan tout lekòl nou yo.

Depatman edikasyon Eta Nouyòk (New York State Department of Education, NYSED) mande pou yo ofri pandan yon semès kou edikasyon sante konplè nan lekòl presegondè ak lekòl segondè. Nan kou sa a elèv aprann viv yon vi sennesòf epi yo evite gen konpòtman danjre. Gen nan ansèyman kou edikasyon sante ak klas segondè leson sou sante seksyèl ki apwopriye pou laj pitit ou. Nou fè kou sa a anplis kou sou VIH/SIDA Eta egzije pou ane a nan klas Jadendanfan jiska klas 12yèm ane.

Kou sou sante seksyèl bay elèv adolesan enfòmasyon medikal presi ak ladrès pou kominike pou ede yo pran desizyon ki ka kenbe yo ansante ak lwen danje. Menm objektif nou genyen se fè jenn timoun lekòl ranvwaye pou pi ta lè pou yo gen aktivite seksyèl.

Nou konnen ke elèv nou yo ak fanmi yo gen divès kwayans, kilti ak koutim. Valè fanmi sa yo se gid prensipal, esansyèl pou lavi pitit ou a. Kòm yon paran/gadyen legal, ou gen dwa pou fè pitit ou pa patisipe nan kèk kou sou planing ak metòd prevansyon VIH/enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI). Ou pa ka anpeche pitit ou patisipe nan kou k ap pale sou abstinans seksyèl ak lòt kou edikasyon sante seksyèl. Si w gen kesyon sou leson ou ka anpeche pitit ou a patisipe, tanpri pale avèk direktè lekòl la, koòdonatè paran an, oswa pwofesè edikasyon sante nan lekòl pitit ou a.

Si w ta renmen retire pitit ou a nan kou k ap pale sou planing ak prevansyon VIH/STI, ekri yon lèt ba direktè lekòl pitit ou ye a. Ou dwe di nan lèt la ke :

- Pitit ou a pa dwe nan salklas la pandan kou sou planing ak metòd prevansyon VIH/STI; epi
- W ap bay pitit ou a ransèyman sou jan pou prevni maladi sa yo lakay ou.

Kòm nan tout domèn, paran ak gadyen legal se premye pwofesè ki gen plis enflyans sou yon timoun. Paran, responsab ak lekòl yo pataje menm objektif: Nou vle elèv tout laj an sante nan tout aspè lavi yo. Mande pitit ou a sa l ap aprann nan kou edikasyon sante nan tout kou leson yo, pa sèlman leson ki gen pou wè ak sante seksyèl. Si w gen plis ransèyman sou kou edikasyon sante pitit ou a ap swiv, pale avèk direktè ak pwofesè pitit ou a. Epitou, fè sèten pitit ou a konnen sa w panse ki pi bon jan pou gen yon vi sennesòf.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza